

# PWOTEKSYON AGRIKÒL NAN MOMAN CORONAVIRUS LA

By E. Vanessa Campoverde. University of Florida/IFAS Extension Educator  
Tradui pa Andy Jean-Louis. Doctor of Plant Medicine (DPM) graduate student.  
Epi modify pa Franco Gustave (Horticulture Sciences OPS)

Men kèk rekòmandasyon pou pwoteje travayè agrikòl yo pandan pandemi Coronavirus (COVID-19) lan

## AN NOU PALE DE VIRIS LA



Enfòm anplwaye yo sou sentom COVID-19 la ak kòman yo kapab anpeche maladi a pwopaje  
Ankouraje anplwaye yo poze kesyon  
Metete enfòmasyon nan espas kote anplwaye yo frekante pi souvan (tankou twalèt ak kote pou repoze).

### Sentom yo:

- Lafyèv, tous, difikilte pou respire
- Sentom yo kapab varye tou. Gen ka kote enfeksyon an pa pwodwi okenn sentom, pandan ke nan kèk lòt ka sentom yo vyolan anpil e menm lakoz lanmò.

## KIJAN VIRIS LA DEPLASE NAN FÈM AK PEPINYÈ YO

Viris la kapab pran ant 2 a 14 jou avan li kòmanse manifeste

Viris la ka pwopaje de yon moun a yon lòt pa mwayen sila yo:

- Ant 2 moun ki an kontak oubyen
- Lè yon moun ki enfekte ap pale, touse oubyen estène nan vizaj ou

Yon moun ka atrape viris la tou lè li touche yon sifas ki kontamine epi manyen je, nen, oswa bouch li.



## EVITE MIYÒ PASE MANDE PADON

Coronavirus (COVID-19) pa genyen vaksen  
Otorize kèk anplwaye travay lakay yo (tankou kontab, sekretè) si sa posib

Nan ka travayè agrikòl esansyèl yo (agrikiltè, travayè k' ap vijile ensèk nwizib ak maladi):

- Ankouraje yo pratike **distans sosyal** (kise pou pi piti 6 pye oswa 2 mè) ant moun ak moun
- Ankouraje anplwaye yo bare vizaj yo ak koud yo lè yo ap touse oubyen estène
- Pale ak anplwaye yo pou yo rete lakay yo si yo santi yo malad
- Ranvwaye tout reyinyon jiska nouvellòd.



6 feet  
2 mè

## KOTE POU LAVE MEN

- Fè netwayaj ak dezenfeksyon tounen yon woutin nan travay la
- Metete yon kote pou travayè yo kapab lave men yo nan chak fèm ak pepinyè
- Ankouraje travayè yo pou yo toujou lave men yo ak dlo ak savon pou pi piti 20 segond.



**UF** | IFAS Extension  
UNIVERSITY of FLORIDA

### REFERANS:

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prepare/prevention.html>

<https://www.dir.ca.gov/dosh/Coronavirus/CoronaTri-GISO-03.16.2020-ADA.pdf>

<https://www.who.int/docs/default-source/coronaviruse/advice-for-workplace-clean-19-03-2020.pdf>